



Èd pou Moun ki Gen Kansè, Sivivan yo, ak Moun k ap Pran Swen yo

Help for People Facing Cancer, Survivors, and Caregivers – Haitian Creole

Sosyete Ameriken pou Kansè (American Cancer Society) ofri sipò nan kominate a ak sou entènèt pou ede ou pandan ak apre ou tretman ou pou kansè. Anba a se sèlman kèk nan resous nou bay yo. Ale sou sitwèb **cancer.org** oswa rele nou nan nimewo **1-800-227-2345** pou jwenn plis enfòmasyon.

Liy Dirèk pou mande èd 24 èdtan pa jou ak 7 jou pa semèn

Liy èd Sosyete Ameriken pou Kansè bay sipò 24 èdtan pa jou ak 7 jou pa semèn lè ou gen kansè, pou konekte ou avèk espesyalis ki resevwa anpil fòmasyon sou enfòmasyon sou kansè epi ki Kapab reponn kesyon sou dyagnostik epitou k ap ba ou oryantasyon ak yon zòrèy atantif. N ap konekte ou avèk pwogram Sosyete Ameriken pou Kansè epi n ap ba ou referans nan lòt resous nasyonal yo. Rele nou nan nimewo **1-800-227-2345** oswa ale sou sitwèb visit **cancer.org** pou kominiye an dirèk avèk nou. Nou kapab ba ou asistans nan lang Anglè, Panyòl ak nan plis pase 200 lòt lang avèk yon sèvis tradiksyon

Yon sistèm sipò ki adapte pou chak moun apa

Si doktè te dekouvri oumenm oswa yon moun ou renmen gen kansè, li boulvèsan pou pran desizyon sou sa k ap pase answit. Sosyete Ameriken pou Kansè kapab ede ou nan ACS CARES™ (Aksè Kominote nan Resous, Edikasyon ak Sipò), yon nouvo pwogram rechèch pou pasyan ki konekte moun avèk pon kalite enfòmasyon seleksyon ak sipò endividiyèl. Pou jwenn plis enfòmasyon, **telechaje Aplikasyon ACS CARES™** nan Google Play oswa nan App Store.

Materyèl edikasyon sou kansè

Materyèl nou yo kapab ede ou ak moun ou renmen yo konprann dyagnostik ou, tretman ou, ak posib efè segondè yo, epi yo bay enfòmasyon detaye sou pwogram nou yo ak sèvis nou yo. Pou mande materyèl yo, rele

Woulib pou ale nan tretman

Pwogram Road To Recovery® nou ap soulaje fado ou lè nou ba ou woulib gratis pou ale nan randevou medikal yo ki konsène kansè. Chofè volontè ki antrene ap vin pran ou pou mennen ou nan randevou ou, epi pou mennen ou lakay ou apre tretman an – tout sa pou gratis. Ale sou sitwèb **cancer.org/transportation** pou jwenn plis enfòmasyon.

Kèk kote pou rete pandan tretman an

Kominote Hope Lodge® nou yo la pou moun ki gen kansè ak pou moun k ap pran swen yo lè tretman kansè a mennen yo lwen lakay yo. Kominote sa yo bay suit ki konfòtab pou kliyan yo epi ki gen sal-de-beny prive, ak espas akeyan ki gen tout konfò kay – tout sa gratis pou kliyan yo. Pou jwenn yon kominote Hope Lodge ki pre tretman ou, kontakte doktè ou, travayè sosyal ou, oswa gid pasyan, oswa ale sou sitwèb **cancer.org/hopelodge**.

Jwenn sipò moun ki nan menm sitiayson ou sou entènèt

Cancer Survivors Network® (CSN) se yon kominate vityèl pou moun ki gen kansè, sivivan yo ak moun k ap pran swen yo. CSN disponib 24 èdtan pa jou ak 7 jou pa semèn pou manm ki bay sipò youn pou lòt, ki fè lòt yo konnen eksperyans pèsonèl yo, epi ki ofri konsèy pratik pou kontwole efè segondè kansè ak tretman li. Ale sou sitwèb **csn.cancer.org** pou aprann p[lis oswa pou vin yon manm.



Ou pa gen pou soufri avèk kansè tete poukont ou

Avèk sitwèb ak aplikasyon mobil Reach To Recovery®, moun ki gen kansè tete kapab asosye avèk yon volontè antrene ki te gen eksperyans avèk yon kansè tete sanblab, etap ak tretman. Konekte poukont ou avèk volontè ki asosye avèk ou nan konvèsasyon vityèl oswa nan yon koutfil nan telefòn nan yon moman ki bon pou ou. Ale sou sitwèb **reach.cancer.org** oswa telechaje **aplikasyon ACS Reach** sou Google Play oswa App Store.

Renmen aparans ou, chak jou

Etap tretman chak moun pou kansè diferan, men chak moun ki afekte avèk kansè merite pou santi li byen konsènan aparans yo. Se rezon sa a ki fè "tlc" pwogram Tender Loving Care® fè li difisil pou jwenn atik tankou perik, chapo, ak mastektoni tete ki fasil pou fè kòmann nan konfò lakay ou. Pou jwenn plis enfòmasyon epi pou fè kòmann pwodui yo, ale sou sitwèb **tlcdirect.org**, oswa rele nimewo **1-800-850-9445**.

Liv Sosyete Ameriken pou Kansè

Nou pibliye kèk liv ki ede pasyan yo ak moun k ap pran swen yo lè yo gen yon dyagnostik kansè ak tretman. Liv yo gen ladan edikasyon pou pasyan, kalite lavi, ak pwoblèm nan bay swen pou viv an sante. Ale sou sitwèb **cancer.org/bookstore** pou jwenn plis enfòmasyon; liv nou yo disponib tou nan libreri detayan prensipal yo.

Gid pou pasyan yo siviv ak lòt resous

Nou gen materyèl ak resous pou sivivan yo pou ede yo avèk kalite lavi yo ak lòt bezwen pandan ak apre tretman pou kansè. Gid nou pou pasyan kansè yo siviv pou sèten kansè ede doktè yo satisfè Bezwen sivivan yo epi gid nou yo pou nitrisyon ak aktivite fizik ede sivivan yo konnen fason pou yo mennen pi bon lavi yo an sante epi Pou redui risk yo pou kansè retounen sou yo. Ale sou sitwèb **cancer.org/survivors** pou jwenn plis enfòmasyon.

Resous sipò pou Moun k ap bay swen

Kòm yon pati nan angajman nou pou sipòte manm fanmi yo ak zanmi yo pou yo bay swen pou moun yo renmen ki gen kansè, Sosyete Ameriken pou Kansè te devlope Gid Resous pou Moun k ap Bay Swen (**cancer.org/caregiverguide**) Anplis enfòmasyon nou bay sou pwosesis bay swen an ak sa pou espere avèk yon dyagnostik kansè ak tretman li, pwogram sa a konsantre sou swen pèsonèl moun k ap bay

swen yo, Kominikasyon, fason pou siviv ak resous pou moun k ap bay swen yo. Yon lòt resous itil se Seri Videyo Sipò nou pou Moun k ap Bay Swen yo (cancer.org/caregiversvideos), ki bay sipò pou edikasyon pou moun k ap bay swen yo pandan y ap satisfè bezwen jounalye moun yo renmen epi pandan y ap bay teknik swen pèsonèl pou amelyore kalite lavi pa yo.

Esè Klinik

Si ou ta renmen aprann plis sou esè klinik ki ta bon pou ou, kòmanse poze doktè ou kesyon si klinik oswa lopital ou ap fè esè klinik, oswa kontakte nou nan nimewo **1-800-227-2345** epi pale avèk youn nan manm ekip akeyan ak antrene nou. Ou kapab ale sou sitwèb nou tou nan **cancer.org/clinicaltrials** pou jwenn plis enfòmasyon.

cancer.org

Sitwèb nou ofri aksè nan dènye enfòmasyon egzat yo sou kansè epi li ede ou jwenn pwogram ak sèvis ki nan zòn ou. Yon ti kantite paj nòt se:

cancer.org/survivors – yon sant pou sipò ak sijè tretman, ak pwogram pou tretman ak fason pou pasyan yo siviv

cancer.org/treatmentvideos – prezante videyo edikasyon sou sijè ki gen rapò avèk kansè, tankou eleman debaz kansè, tretman kansè, esè klinik, pwogram ak sèvis Sosyete Ameriken pou Kansè, efè sou fason pou siviv, istwa pèsonèl ak plis

cancer.org/managingcare – pwogram ak resous pou ede ou konprann dyagnostik ou, epi pou pran desizyon sou tretman

cancer.org/support – plis enfòmasyon sou Sosyete Ameriken pou Kansè ak lòt pwogram ak sèvis ki nan zòn ou

cancer.org/languages – lyen pou moun ki pa pale lang Anglè pou jwenn enfòmasyon sou kansè nan lòt lang

cancer.org/phm – fèy enfòmasyon ak dokiman swivi pou ede ou òganize ak fè rechèch sou eksperyans ou avèk kansè

cancer.org/hopelodge – jwenn yon kominote Hope Lodge ki pre ou Kominike andirèk avèk ekip akeyan ki antrene depi ou ale sou sitwèb **cancer.org** epi ou klike sou "Live Chat" (kominikasyon andirèk).



cancer.org | 1.800.227.2345



HAITIAN CREOLE
©2023, American Cancer Society,
Inc. No. 0130.81 Rev. 9/23